



Pou Piblikasyon Imedya: 12/17/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA AP PATISIPE NAN KANPAY
REDIKSYON NASYONAL ANE SA “KONDWI AVÈK TÈT DWAT OSWA METE W
AKOTE”**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Lapolis Eta New York ansanm avèk lapolis lokal nan New York ap patisipe nan kanpay nasyonal “Kondwi avèk tèt dwat oswa Mete w Akote” apati Vandredi 18 desanm 2015 jiska vandredi 1ye janvyè 2016. Chofè yo dwe atann pou yo wè baraj woutye epi ogmante patwouy sou wout yo pandan kanpay la, ki finanse atravè Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a.

“Twoupè yo nan Eta ap soti an fòs pandan sezon fèt sa pou diminye sou chofè danjere yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta New York gen zewo tolerans pou chofè yo kap kondwi sou enfliyans ansanm avèk trajedi initil li koze. Mwen ankouraje tout otomobilis yo pou obeyi a règleman wout la epi panse de fwa anvan w ale dèyè volan pandan sezon fèt sa a.”

Anplis, de pwen kontwòl ak patwouy DWI, Twoupè yo ap siveye chofè ki distrè yo, pasaje otomobil yo ki pa byen mete senti sekirite ansanm avèk chofè yo kap vyole Lwa “Mete w akote,” ki egzije pou otomobilis yo pran anpil prekosyon lè yap pase yon veyikil ijans ki kanpe nan oswa bò wout la.

Sipè-entandan Joseph A. D’Amico te deklare, “Sekirite nan sikilasyon ap yon gwo priyorite pou sezon fèt sa. Twoupè yo ap deyò sou otowout nou yo e yap vizib anpil pandan nouvèl ane a, avèk objektif pou sezon fèt la pase ansekirite pou tout moun. Si wap selebre, tanpri fè sa nan fason responsab. Pa bwè alkòl epi kondwi anmenmtan, e si wap bwè alkòl, chwazi yon chofè ki gen tèt klè oswa planifye alavans pou w jwenn yon woulib pou ale lakay ou. Chofè ki gen sou enfliyans alkòl yo koze lanmò ak blesi initil. Fè yon plan e ou kapab sove yon vi – petèt menm lavi pa ou.”

Prezidan pa Entèrim GTSC ak Komisyonè Egzekitif Adjwen Depatman Motè Veyikil Terri Egan te deklare, “Pou anpil Nouyòkè, fèt fen dane a gen anpil fèt ak aktivite pou selebre sezon an, men nou pap janm pèdi kontwòl sou sa ki pi enpòtan, ki se pou rete ansekirite san danje. Sa a vle di fè yon plan epi chwazi yon chofè, chak fwa wap bwè alkòl. Pap gen bon rezilta pou chofè yo kap kondwi avèk neglijan, ki distrè, dwoge oswa sou enfliyans alkòl. Nou ankouraje tout moun ki sou wout yo pou fè

patisyon yo epi pran prekosyon ki apwopriye pou rive lakay ou ansekirite.”

Pandan kanpay la, twoup yo rpal itilize de veyikil lapolis Eta make ak kache Identity Traffic Enforcement (CITE) machin yo kòm yon pati nan operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis yo kap itilize aparèy nan men pandan yap kondwi. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Pandan dènye rediksyon an, Lapolis Eta te bay plis pase 49,000 kontravansyon. Nan kontravansyon sa yo plis pase 17,000 ladan yo se te pou vitès, 1,730 se te pou chofè ki distrè e 697 se te akòz “Lwa Mete w Akote”. Yo te arete tou 702 moun pou DWI e 13 moun te mouri nan aksidan machin.

Reyalite a tris: Pandan peryòd fèt 2013 la, 1,180 moun nan tout peyi a te mouri sou wout la, avèk preske yon tyè nan mòtalite yo gen rapò a chofè kap kondwi sou enfliyans alkòl. Nan jou nwèl nan ane 2012 la, chofè yo kap kondwi sou enfliyans alkòl te touye 23 moun.

Pou kenbe wout nou yo ansekirite pandan sezon fèt sa, Lapolis Eta New York, GTSC ak Administrasyon Nasyonal Sekirite Otowout ap ofri konsèy sa yo:

- Planifye yon fason ansekirite anvan amizman kòmanse;
- Anvan w bwè chwazi yon chofè ki gen tèt anplas;
- Si w sou, itilize yon taksi, rele yon zanmi ki pa bwè oswa yon manm fanmi, oswa pran transpò piblik;
- Itilize pwogram moun ki pa sou sou volan ki genyen nan kominote w la;
- Si w ta remake yon chofè ki sou nan wout la pa ezite pou kontakte biwo lapolis lokal la;
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi oswa pran woulib pandan li sou enfliyans alkòl, pran kle yo epi ede yo fè lòt aranjman pou yo rive nan destinasyon yo ansekirite.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York| Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418